

<p><b>Tit I</b>  <b>Angajman Parent</b>  <b>ak Fanmi yo</b>  <b>Lekòl Piblik nan Depatman Polk la</b></p> 	<h2 style="text-align: center;">Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2017-2018</h2> <h3 style="text-align: center;">Lekòl Entèmedyè Denison</h3> <h3 style="text-align: center;">Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj</h3>		
	<p>Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou <b>BATI BON JAN RELASYON</b> nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou <b>chak</b> timoun, <b>chak</b> fanmi, <b>chak</b> pwofesè, <b>chak</b> jou.</p>		
<p>Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsabilite pou amelyore siksè akademik elèv yo.</p> <p>Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.</p>			
Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo	Responsabilite Ekip Lekòl la	Responsabilite Paran yo	Responsabilite Elèv yo
<b>Nivo Akademik Elèv</b>	Mete enstriksyon kalite siperyè nan yon espas aprantisaj sipòtif, an sekirite e efikas k'ap satisfè/depase kritè pefòmans akademik elèv Florid yo.	Chache èd nan men lekòl pitit ou a. Ale nan sit entènèt tankou CPALMS <a href="http://www.cpalms.org">www.cpalms.org</a> , <a href="http://www.fsassessments.org/training-tests">www.fsassessments.org/training-tests</a> epi itilize sit Pòtay Paran yo pou w jwenn enfòmasyon sous a y'ap tann nan men pitit ou a.	Vini lekòl pandan w kwè ou kapab aprann e ou pral aprann. Konplete tout devwa yo ba ou epi ale nan sit Pòtay Elèv yo pou konnen nòt ou fè nan kèlkeswa devwa yo te ba ou.
<b>Kontwòl pwogrè Elèv yo</b>	Organize rankont pwofesè/paran/elèv atravè apèl telefonik, email ak nan sit Pòtay Paran yo.	Kontwole pwogrè pwogrè pitit ou nan sit Pòtay Paran yo, kanè lesон li epi li san pran tan tout mesaj lekòl la voye nan fèy piblisite yo e/oswa mesaj ou resevwa nan Remind 101.	Kominike ak pwofesè w yo epi tcheke sit Pòtay Elèv yo pou w enfòme w sou pwogrè w'ap fè. Pataje enfòmasyon yo ak paran w/responsab ou epi pa ezite mande èd.
<b>Bon Jan Rapò Patisipasyon</b>	Ankouraje paran ak elèv yo pou yo patisipe nan aktivite k'ap dewoule nan lekòl yo, nan atelye yo, epi ankouraje paran yo pou yo travay kòm volontè nan Komite yo tankou nan: SAC ak nan PTO. Organize aktivite nan lekòl la ak nan sal klas yo nan lè k'ap bon pou tout moun.	Vini nan reyinyon e nan aktivite lekòl yo ofri nan lè ki bon pou ou yo. Vin obsève aktivite pitito u nan sal klas li. Patisipe nan edikasyon pitit ou nan sèvi nan komite PTO ak SAC. Vizite Sant Sipò Paran yo tou ki nan lekòl primè Garner a.	Konplete devwa yo ba w fè lakay ou yo alè epi li pou w amize w chak jou. Patisipe nan klib, espò nan lekòl la e nan aktivite lekòl la k'ap dewoule andeyò orè lekòl la.
<b>Kominikasyon Rete Enfòme</b>	Enfòme paran yo chak semèn atravè kanè lesón yo, email, nan sit entènèt lekòl la e nan sit Pòtay Paran yo. Enfòmasyon yo ap bay tou nan mwayen multimedya tankou nan paj Facebook Denison nou an, Sit Entènèt, nan Remind 101, Fèy Piblisite ak Etikèt nan Kanè Lesón Elèv yo.	Ankouraje yon liy kominikasyon ouvè ant lakay ou ak lekòl pitit ou nan kenbe tout enfòmasyon kote pou yo kontakte w <b>ajou e nan reponn</b> tout nòt yo ekri nan kanè lesón pitit ou.	Pataje avi enfòmasyon y oak fèy piblisite lekòl la voye yo lè w pote yo bay paran w/moun ki responsab ou.
<b>Espas Aprantisaj</b>	Mete enstriksyon kalite siperyè nan yon espas aprantisaj ki gen sekirite e sipòtif.	Planifye pou pitit ou vini lekòl chak jou, alè e dispoze pou l aprann. Ensiste sou enpòtans bon konduit ak reyalize bèl nòt pou matyè yo.	Prepare w pou chak jou lekòl nan rive alè e dispoze pou aprann avèk kaye w, kreyon w, kanè lesón w e klasè w. Mete tout jefò w nan edikasyon toutan.
<p><b>Vizite sit entènèt <a href="http://WWW.POLK-FL.NET">WWW.POLK-FL.NET</a> pou enfòmasyon enpòtan:</b></p> <p><b>Sit PARENT PORTAL:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm">www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm</a></p> <p><b>POU VOLONTÈ:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/community/volunteers">www.polk-fl.net/community/volunteers</a>.</p> <p><b>SANT PARAN YO:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm">www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm</a></p> <p><b>INVÈSITE PARAN AN:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm">www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm</a></p> <p><b>KONDISSYON LEKÒL FLORID YO:</b> <a href="https://flstandards.org">https://flstandards.org</a></p> <p><b>EGZAMEN:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/testing">www.polk-fl.net/parents/testing</a>.</p> <p>Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: <a href="http://www.polk-fl.net">www.polk-fl.net</a> oswa rele nan 534-0588</p>		<p>Tanprio vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò. <a href="http://denisonmiddle.polk-fl.net/">http://denisonmiddle.polk-fl.net/</a></p> <p>Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. <b>(863)291-5353</b></p>	<p><b>Dat Enpòtan</b></p> <p><b>Jou Rezulta Pwovizwa yo: (yo voye yo nan semèn)</b> 11-15 septanm, 13-17 novanm, 5-9 fevriye, 23-27 avril</p> <p><b>Dat Remiz Bilten yo:</b> 24 oktòb, 17 janvye, 3 avril, 24 me</p> <p><b>Dat y'ap lagè lekòl bone</b> 13/9, 11/10, 15/11, 24/1, 7/2, 14/3, 16/5</p>